



## **Avi konsènan Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon Prive HMIS**

**Cambridge, MA CoC  
Sistèm Jesyon Enfòmasyon Sanzabri (Homeless  
Management Information System, HMIS)**

**AVI PWOTEKSYON ENFÒMASYON PRIVE SA A ESPLIKE NAN KI SIKONSTANS NOU GENDWA PATAJE EPI REVELE ENFÒMASYON OU YO KI NAN CAMBRIDGE HMIS LA. AVI SA A ESPLIKE TOU KI DWA OU GENYEN KONSÈNAN ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL OU YO.**

**TANPRI PRAN SAN OU POU  
OU LI DOKIMAN SA A**

Si ou gen nenpò kesyon konsènan Avi sa a, ou ka kontakte swa founisè sèvis ou an oubyen:

Cambridge Continuum of Care  
51 Inman Street, Cambridge, MA 02139  
617-349-6206  
[PlanningDev@cambridgema.gov](mailto:PlanningDev@cambridgema.gov)

Avi sa a dekri estanda yo pou pwoteje karaktè prive enfòmasyon pèsònèl yo kolekte epi estoke nan Sistèm Jesyon Done Sanzabri (Homeless Management Information System, "HMIS" la pou Cambridge Continuum of Care ("CoC"), ansanm ak enfòmasyon pèsònèl yo kolekte pou rezo aksè nan swen kowòdone Cambridge Continuum of Care Coordinated Entry System (Cambridge Coordinated Access Network, "C-CAN") la.

Nou mande pèmasyon ou pou pataje enfòmasyon pèsònèl konfidansyèl nou kolekte sou w (ak moun ki rete nan menm kay avèk ou, si li aplikab) ak lòt founisè ki itilize menm sistèm la. Yo konn rele enfòmasyon konfidansyèl sa a Enfòmasyon Pèsònèlman Idantifyab (Personally Identifiable Information, "PII"). Nou oblije pwoteje karaktè prive PII ou yo, lè nou respekte pratik pwoteksyon enfòmasyon prive ki dekri nan Avi Pwoteksyon Enfòmasyon Prive sa a.

### **TIP ENFÒMASYON NOU KOLEKTE NAN HMIS**

Nou kolekte ak pataje ni PII ak ni enfòmasyon jeneral yo jwenn pandan admisyon ak evalyasyon ou, ki ka gen ladann men se pa sa sèlman:

- Non ak enfòmasyon kontak
- Nimewo Sekirite sosyal
- Dat nesans
- Enfòmasyon demografik tankou si w se fi oswa gason ak ras/etnisite
- Istwa sanzabri ak lojman (ikonpri sitiyaasyon lojman kounye a ak kikote ak kilè yo te bay sèvis yo)
- Istwa medikal moun lan deklare limenm, ikonpri pwoblèm sante mantal ak konsomasyon dwòg ak alkòl
- Nòt dosye a ak sèvis
- Enfòmasyon kontak manadjè dosye a



- Sous ak montan revni; epi benefis ki pa lajan kach
- Si moun lan se yon veteran
- Si moun lan gen yon andikape
- Kantite moun ki nan fwaye kay la
- Enfòmasyon kontak si gen ijans
- Istwa vyolans nan kay
- Foto (pa obligatwa)
- Dokiman telechaje ki gen pou wè ak aplikasyon lojman epi eleibilite pou plasman

### **KIJAN HMIS PWOTEJE ENFÒMASYON PÈSONÈL OU YO**

Enfòmasyon ou yo pwoteje grasa modpas ak teknoloji kriptaj. Chak itilizatè HMIS ak òganizasyon patisipan dwe siyen yon akò pou kenbe sekirite ak karaktè prive enfòmasyon ou yo. Li posib pou yo kwape aksè chak itilizatè HMIS oswa òganizasyon patisipan ki pa respekte akò a epi yo gendwa sibi plis sanksyon toujou.

### **KIJAN NOU GENDWA ITILIZE AK REVELE ENFÒMASYON OU YO**

**Pou Lojman:** Nou kreye yon fich ki gen enfòmasyon w yo ladann, ikonpri sèvis lojman ou resevwa nan men ajans patnè nou yo. Nou bezwen dosye sa a pou ba w bon kalite sèvis epi pou respekte sèten egzijans legal. Founisè sèvis ou gendwa itilize oubyen revele enfòmasyon ou yo bay lòt anplwaye k ap patisipe nan ba w sèvis. Pa egzanp, yon navigatè lojman gendwa bezwen konnen enfòmasyon andikap pou li kapab bay resous lojman ki apwopriye. Epitou nou gendwa itilize ak revele enfòmasyon ou yo bay moun ki andeyò ajans la ki gendwa patisipe nan kowòdinasyon sèvis ou lè ou gen aksè nan sèvis ajans patnènou yo ba w.

**Pou Pwovizyon Sèvis ki Rasyonnalize:** Nou gendwa itilize oubyen revele enfòmasyon debaz sou w pou w pa bezwen founi enfòmasyon plis pase yon fwa. Pataj sa a, sèlman lè ou jwenn aksè nan youn nan ajans patisipan yo, kapab ede evite doub sèvis ak referans w ap resevwa deja yo.

**Pou Operasyon Administrativ yo:** Nou gendwa itilize ak revele enfòmasyon pou fonksyon ki gen pou wè ak peman oubyen ranbousman pou sèvis epi pou egzekite fonksyon ki gen ladann men se pa sa sèlman, fonksyon legal, odit, pèsònèl ak administrasyon yo.

### **IZAJ AK REVELASYON KI PA BEZWEN OTORIZASYON OU**

**Al pran Done yo:** Cambridge HMIS pral jenere rapò HUD, CoC ansanm ak lòt pati prenan mande. Sa pral nan nivo ki pa idantifye moun yo men ki ka bay done estatistik. Estaf Ajans Lidè HMIS la gen aksè pou pran tout done yo ki nan Cambridge HMIS la. Ajans Lidè HMIS la pral pwoteje konfidansyalite kliyan yo nan tout rapò li fè yo. Ajans Patnè yo gendwa pran tou done HMIS yo ki anrejistre yo pou pwodui rapò estatistik, ki gen ladann kantite kliyan ki resevwa sèvis pou bezwen onino entèn òganizasyon an, aplikasyon pou sibvansyon ak lòt rapò ki obligatwa yo, anmenmtan y ap respekte enskripsyon nan pwogram ak sèvis pwòp ajans pa yo.



**Transfè Done yo:** Cambridge CoC a patisipe nan Kolektiv Done Re-lojman (Rehousing Data Collective, RDC) an, ki se yon depo done pou tout Eta a Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè (Department of Housing & Community Development, DHCD) ap jere. Done HMIS yo ki gen ladann PII yo ekspòte soti nan HMIS pou ale nan RDC an konfòmman ak akò li genyen ak DHCD. Dosye yo transfere nan depo a fèmen akle epi se sèlman Administratè Sistèm RDC a ak estaf ki otorize a ki ka wè PII yo nan lojisyèl founisè a (Green River) pou kapab dediplike ak de-identifye dosye yo pou larechèch ak rapò pou tout Eta a. Moun apa gen dwa otorize pou yo revele PII yo bay pou fasilite kowòdinasyon andedan sèvis la si yo resevwa sèvis nan plizyè kominote, men administratè depo a pa gen dwa pataje PII yo san otorizasyon moun lan, epi otorizasyon an dwe anrejistre nan yon dokiman apa siyen ki rele *Otorizasyon pou Revele Enfòmasyon Pèsonèl (Authorization for Disclosure of Personal Information)* ki pou depo sa a sèlman.

**Rechèch akademik oswa Objektif Evalyasyon:** Nan sèten sikonstans, nou kapab itilize epi revele enfòmasyon sou w pou objektif larechèch. Nenpòt rechèch/evalyasyon sou nati ak karaktè sitik sitiyanon sanzabri a (onivo tout CoC an) ki itilize done PII HMIS yo pral fèt sèlman sou labaz akòspesifik ant chèchè yo ak Lidè Cambridge HMIS la. Gwoup Travay HMIS ak Konsèy CoC an dwe apwouve akò sa yo epi akòyo dwe reflekte estanda ki apwopriye pou pwoteksyon karaktè konfidansyèl done yo.

**Jan Lalwa Mande sa:** Nou pral itilize ak revele enfòmasyon lè lejislasyon oubyen règlemantasyon federal oswa Eta a egzije sa.

**Pou Evite yon Menas Grav pou Sante oswa Sekirite:** Nou gendwa, konfòmman ak lalwa ki aplikab epi estanda konpòtman ki konfòme a letik, itilize oubyen revele PII yo, si:

- (1) CoC debònfwa, panse ke itilizasyon oubyen revelasyon an nesèsè pou anpeche oubyen redwi yon menas gran epi sanzatann kont sante oswa sekirite yon moun oswa piblik la; epi
- (2) Itilizasyon oswa revelasyon an fèt bay yon moun ki rezonabman kapab anpeche oswa redwi menas la, ikonpri sib menas la menm.

## LÒT ITILIZASYON ENFÒMASYON OU YO

Lòt itilizasyon ak revelasyon enfòmasyon ou yo ki pa konsènen pa Avi sa a oubyen pa lwa yo ki aplikab pou nou ka fèt sèlman si ou bay otorizasyon alekri w lan. Si ou bannou otorizasyon pou revele enfòmasyon ou yo, ou gendwa revoke otorizasyon sa a, alekri, nenpòt kilè. Si ou revoke otorizasyon ou an, nou p ap kontinye itilize ni revele enfòmasyon ou yo pou rezon otorizasyon sa a aplikab, eksepte ke nou pa kapab defè nenpòt revelasyon nou deja te fè lè otorizasyon an te valab, epi nou dwe kenbe dosye yo ki endike ki sèvis nou te ba w yo.



## DWA OU GENYEN YO KONSÈNAN ENFÒMASYON OU YO KI NAN HMIS

**Dwa pou Revoke Konsantman pou Pataje Enfòmasyon yo nan HMIS la:** Ou gendwa revoke konsantman ou nenpòt kilè. Ou dwe prezane revokasyon konsantman ou alekri oubyen ou dwe ranpli fòm Revokasyon Konsantman an. Yonfwa nou resevwa revokasyon an, nou pral retire PII ou yo nan bazdone pataje HMIS la pou anpeche yo ajoute plis PII pi devan. PII yo ou te deja bay otorizasyon pou nou pataje yo pa kapab retire nèt nan bazdone HMIS la epi yo pral rete aksesib pou yon kantite limite òganizasyon ki te ba w sèvis dirèkteman.

**Dwa pou Yo Remèt Ou yon Kopi Papyè Avi sa a:** Ou gendwa mande nou pou yon kopi papyè Avi sa a nenpòt kilè. Pou jwenn yon kopi papyè Avi sa a, mande nenpòt moun nan estaf la. Epitou ou gendwa jwenn yon kopi Avi sa a nan Wèbsayt nou an nan <https://cambridgecoc.org/policies-and-procedures/>.

**Dwa pou yo Ba w yon Lis Ajans Patnè yo:** Ou kapab mande yon estaf pou li remèt ou yon lis òganizasyon patisipant yo ki gen aksè nan done HMIS ou yo oubyen ou kapab ale nan <https://cambridgecoc.org/hmis-participating-agencies/>.

**Dwa pou Enspekte epi Resevwa Kopi:** Ou gendwa dwa pou enspekte epi jwenn yon kopi enfòmasyon Enfòmasyon Pèsonèlman Idantifyan ak Enskripsyon nan Pwogram la pou chèche konnen ki sèvis nou ba w.

**Dwa pou W Mande yon Amandman:** Si ou santi enfòmasyon ki nan dosye nou yo pa kòrèk oubyen yo pa konplè, ou gen dwa mande nou pou nou korije enfòmasyon yo. Ou gen dwa pou mande yo korije yo pandan tout tan nou kenbe enfòmasyon yo. Pou mande yon koreksyon, ou dwe voye yon demand alekri bay founisè sèvis ou an.

**Dwa pou Depoze yon Plent si Ou Gen yon Doleyan:** Si ou panse dwa pou yo pwoteje lavi prive w pa t respekte, ou gendwa voye òganizasyon sa a yon doleyans alekri. Nou p ap fè vanjans kont ou poutèt ou prezante yon doleyans. Si doleyans ou pa jwenn solisyon ki satisfèzan pou w, ou gendwa voye yon kontestasyon doleyans alekri nan adrès sa a: Cambridge Continuum of Care, Planning and Development Office, City of Cambridge, 51 Inman Street, Cambridge, MA 02139.

## CHANJMAN NAN AVI SA A

Règleman ki nan avi sa a gendwa chanje tanzantan. Amandman sa a gendwa enpakte enfòmasyon òganizasyon sa a te jwenn anvan dat chanjman an. Amandman yo ki gen pou wè ak itilizasyon oswa revelasyon PII pral aplikab pou enfòmasyon (done) ki te anrejistre deja nan HMIS la, sof si yo endike yon lòt bagay. Tout amandman yo konsènan avi pwoteksyon enfòmasyon prive sa a dwe konsistan ak egzijans estanda pwoteksyon lavi prive HMIS yo. Òganizasyon sa a oblije kenbe tout dokiman ki pèmanan konsènan amandman avi pwoteksyon enfòmasyon prive sa a.